



## Department of Education

Chancellor David C. Banks

Chè fanmi,

Rezilta 3-K yo disponib kounye a pou tout fanmi ki gen timoun ki fèt an 2019 ki te aplike nan delè a.

Apati jodi a, fanmi ki te aplike sou entènèt ka wè lèt rezilta 3-K pitit yo lè yo konekte sou kont [MySchools](#) yo. Si yon fanmi te chwazi pou resevwa avi sou papyè, n ap voye yon kopi lèt sa pa lapòs tou. Fanmi ki pa te aplike sou entènèt ka jwenn rezilta yo tou lè yo:

- Voye yon imèl nan [ESEnrollment@schools.nyc.gov](mailto:ESEnrollment@schools.nyc.gov)
- Rele nan 718-935-2009
- Ale nan yon [Sant Byenveni pou Fanmi \(Family Welcome Center, FWC\)](#)

Lèt rezilta yon aplikan ka gen ladan:

- **Yon òf 3-K** pou ane lekòl 2022-2023 a
- **Pwochen etap**, tankou fason pou aksepte yon òf
- **Enfòmasyon sou lisdatant**. Si pwogram ki ofri fanmi an plas la se pa premye chwa li, y ap mete li otomatikman nan lisdatant pou nenpòt chwa pwogram li te mete pi wo nan aplikasyon l lan pase kote ki fè li òf la. Si yon fanmi pa resevwa yon òf 3-K nan okenn pwogram nan aplikasyon l lan, y ap mete li sou lisdatant otomatikman pou tout pwogram ki sou aplikasyon l lan.

[Video](#) sa a ap eksplike fanmi pwosesis pou yo wè ak aksepte òf yo.

**Nou vrèman ankouraje fanmi pou aksepte yon òf 3-K avan lendi 27 jen pou konsève plas pitit li, menmsi y ap tann yon òf sou lisdatant.**

- Lè w aksepte òf sa a kounye a, sa **pa** p afekte chans pitit ou a pou jwenn yon òf sou lisdatant yon lòt pwogram pi ta.
- Si yon pwogram ka fè yon timoun yon òf sou yon lisdatant, yo pral kontakte fanmi an dirèkteman.
- Yon fwa ou aksepte yon òf (ladan yon òf sou lisdatant), pwogram lan ap kontakte w pou bay plis enfòmasyon sou fason pou enskri pou 3-K ak ki dokiman pou pote.

Fanmi yo ka rele nou nan 718-935-2009 oswa voye yon imèl nan [ESEnrollment@schools.nyc.gov](mailto:ESEnrollment@schools.nyc.gov) pou poze kesyon—nou la pou ede!

Bon siksè,  
Ekip admisyon 3-K, Biwo enskripsyon elèv  
[nyc.gov/3K](http://nyc.gov/3K)

**Èske se yon zanmi ki te voye imèl sa a ba w?** Asire w enskri sou lis imèl admisyon 3-K nan [schools.nyc.gov/SignUp](http://schools.nyc.gov/SignUp). **Si w pa vle resevwa imèl ankò** ki soti nan nenpòt oswa tout lis imèl nou yo, tanpri klike [la a](#) pou retire non w.